ISSN:
2181-3906
2023

International scientific journal
«MODERN SCIENCE AND RESEARCH»
VOLUME 2 / ISSUE 12 / UIF:8.2 / MODERNSCIENCE.UZ

# TÁRBIYA ISKERLIGINDE MUZIKANIŃ TUTQAN ORNI

**Azima Usenova**
Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq Mámleketlik Universiteti
Kórkem-óner kafedrası oqıtıwshısı

https://doi.org/10.5281/zenodo.10376778

***Annotaciya.*** *Bul teziste muzıka insan ruwxıylıǵın qáliplestiriw deregi boyınsha maǵlıwmatlar sóz etilgen.*

***Gilt sózi:*** *Muzıka, estetika, ruwxıy, ádep-ikramlı, páklik, tárbiya, nama, shaxs.*

## РОЛЬ МУЗЫКИ В ОБРАЗОВАТЕЛЬНОМ ПРОЦЕССЕ.

***Аннотация.*** *В данном тезисе упоминаются сведения об источнике формирования музыки человеческой духовности.*

***Ключевое слово:*** *музыка, эстетика, духовность, нравственность, чистота, воспитание, мелодия, личность.*

## THE ROLE OF MUSIC IN THE EDUCATIONAL PROCESS

***Abstract.*** *This thesis mentions information about the source of the formation of music of human spirituality.*

***Key words:*** *music, aesthetics, spirituality, morality, purity, upbringing, melody, personality.*

Muzıka madeniy túrmisimizda keń orın tútqan, insan shaxisin qáliplestiriwde tiykarǵı áhmiyetti payda etetúǵin kórkem óner túri bolıp esaplanadı. Muzıka tárbiyasına bolsa, názik tárbiyanıń tiykarǵı hám qúramalı tarawlarıń biri, ol átıraptaǵı gózzal nárselardi durıs qabıl etiwge hám qádirlewge úyretedi. Oqıwshılarǵa jaqsı tárbiya beriwde ulıwma orta tálim beretuǵın mekteplerdegi, muzıka mádeniyatı sabaqlarınıń ornı úlken. Oqıwshılar muzıka sırların túsiniwdi hám qádirlewdi mádeniyatqa iye bolıwdı, eń aldı menen mektepte úyrenedi. Estetikanı qáliplestiriw úshın bolsa, muzıka mádeniyatı sabaqları menen bir qatarda klastan tısqarı muzıka tárbiyasınıń áhmiyeti úlken. Sebebi klastan tıs muzıka tárbiyasınıń jámiyetlik hám dógerek jumıslarında balalar jeke tarizde qamrab alınadı.

Sonday-aq, muzıka tárbiyası sazende yáki aktirisanı emes, eń aldı menen insandı tárbiyalaydı. Ósip kiyatırǵan jas áwladtı muzıka gozzallıq álemine alıp kiredi. Sebebi, muzıka insan túrmısına kúshli tásir kórsetiw imkanyatına iye hám ádep – ikramlılıq estetika tárbiyasınıń áhmiyetli bólegi bolıp esaplanadı. Insan muzıka menen ana háyiwi arqalı tanısıp, ómir boyı muzıkadan zawıq alıp jasaydı. Muzıkadan azıq alıw úshın bolsa, insan joqarı mádeniyatlı, taza qálib iyesi, gozzallıqtı sezine alatuǵın bolıwı kerek. Alımlardan “ Adam shaxıs bolıwı úshın, ol rúwhiy tárepten rawajlanıwı, ózin bir pútin insan dep seziniwi kerek” - degen edi.

Shaxstı rawajlandırıw úshın aldın onıń minez - qúlqına tásir etiwshi faktorlardı, onıń tábiyatın , qızıǵıwshılıǵın úyıreniwi lazım. Búnıń úshın shaqıstı túrli múnásabetler dógeregine qoyıp baqlawı kerek. Áne sol waqıtta onıń sotsiyal minez- qúlıqı, rúwhiy kórinisi, insannıń páziletleri júzege shıǵadı. “Har bir insan - degen edi Abú Nasir Al Farabiy – óz tábiyatı menen sonday dúzilgen , ol jasaw hám joqarı jetiskenlikke eırisiw úshın insanlar toparına mútájlik túwıladı, sol sebepli ol kóp nárselerdi óz ara járdemlesiwi arqalı jetiklikke erisedi”.

Balanıń shaxıs sıpatında rawajlandırıwında násil, átıraptagı ortalıq, tárbiya áhmiyetli orın tutadı. Oqıtıwshı búl faktorlardı baqlap, úyrenip shıǵıp, oqıwshılardın qızıǵıwı, qábileti, muzıkaǵa, gozzallıqqa, miynetke múnasabetlerine qarap, muzıkalıq bilim , kónlikpe hám tájiriybelerdi sińdirip barıwı lazım. Insan muzıkadan ómir boyı zawıq aladı. Sol sebepli oqıwshılardı muzıka mádeniyatına tárbiyalaw, joqarı talǵam menen qúrallandırıw, rúwhıy dúnya qarastı qáliplestiriw baslawish klass muzıka oqıtıwshısınıń waziypası bolıp esaplanadı. Muzıka insan denesine emotsiyanal tásir kórsetiw menen birge , muzıkalıq dawıs járdeminde júzege keletiǵın muzıkalıq ırǵaqlar menen tásir etedi, balalardı qúwandıradı, oylandıradı, jaqsılıqqa, gozallıqqa jetekleydi hám estetika álemine alıp keledi. Solay eken, baslawısh klasslarda muzıka mádeniyatı sabaqlarına itibar jánede kúshiyip, baslawısh klass muzıka oqıtıwshısı aldına úlken wazıypaları qoyadi. Sol menen birge, ziyrek oqıwshılardı, mektep túrmisina jámatshilik hám dógerek júmıslarına tartiw baslawish klass oqıtıwshısına júkletiledi.

Muzıka mádeniyatı sabaqlarında milliy muzıka miyraslarinan toliq paydalanıw hám búǵngi zamanagóy shigarmalardi muzıka sabaqlarında qollanıw, oqıtıwshıdan júmis mazmúni hám taktikasin jańalawdı talap etedi. Búnıń úshın muzıka oqıtıwshısı óz panin púhta biliwi, balalardı jaqsı kóriwi, pedagogika, pisixologiya, balalar fiziologiyası, muzıka oqıtıw metodikasınan tereń bilimge iye bolıwı lazım. Sebebi jas awladti barkamal insan etip tárbiyalawda muzıka oqıtıwshısı jetekshi bolıp esaplanadı. Mektep túrmısında baslawısh klass muzıka oqıtıwshınıń xizmet darejesi keń. Muzıka mádeniyatı sabaqlarınan tısqarı, oqıwshılar menen tárbiyalıq, muzıkalıq ashıq sabaqlar ótkeriledi.

Búl házirgi zaman oqıtıwshılarınan júmıs mazmúnın jańalaw protsessin talap etedi. Muzıka oqıtıwshısı sabaq protsessinde qosıq aytıw, muzıka tıńlaw, muzıkaǵa say balalar saz àsbaplarınan paydalanıw muzıkalıq ritmikalıq háreketlerdi orınlaw siyaqlı sabaq xizmetinde muzıkaǵa qızıqtıra alıw, olardıń muzıkalıq qábiletlerin arttırıwǵa háreket etiwi lazim. Sebebi, muzıka oqıwshılarǵa tez tásir ete alatúǵin tálim - tárbiya quralı bolıp esaplanadı. Ol oqıwshılardı jaqsı insan bolıp qáliplesiwinde jámáátshilik hám ádep- ikramlıq tárepten jaqsı tásir kórsetedi. Sonıń úshında, muzıka mádeniyatı sabaqları, tárbiya sabaǵI dep ataladı. Sabaq nátiyjeligin asırıw muzıka oqıtıwshısınan miynet, óz pánine múxabbat, balalardı gózzallıq ham estetika álemine kiriw úshın bilim hám muzıkaǵa mehir qoyıwdı talap etedi.

## REFERENCES


1. Bazarbaevana U. A. BAYRAMLAR HA'M MÁDENIY ILAJLAR TÚRLERI HAQQINDA //Journal of Integrated Education and Research. – 2023. – T. 2. – №. 2. – C. 31-34.
2. Usenova A. About the Development of the Field of Culture and Art in the Present Times //Eurasian Scientific Herald. – 2022. – T. 13. – C. 39-40.
3. Allambergenovna A. R. THE MANIFESTATION OF EUROPEAN AND NATIONAL TRADITIONS IN THE OPERA" GULAYIM" //International Journal of Philosophical Studies and Social Sciences. – 2022. – T. 2. – №. 2. – C. 185-187.
4. Абатбаева Р. А. ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН МУСИҚА МАДАНИЯТИНИ РИВОЖЛАНИШИДА МАШХУР БАСТАТОР Н. МУҲАММЕДДИНОВНИНГ ЎРНИ //Oriental Art and Culture. – 2022. – T. 3. – №. 1. – C. 648-653.

5. АБАТБАЕВА Р. КОМПОЗИТОР НАЖИМАДДИН МУХАММЕДДИНОВ ИЖОДИДА ТАРИХИЙ СИЙМОЛАР //Journal of Culture and Art. – 2023. – Т. 1. – №. 1. – С. 60-66.
6. Tajimuratova S. FORMATION OF STUDENTS'SKILLS OF INDEPENDENT PERFORMANCE THROUGH THE TEACHING OF ART HISTORY //Modern Science and Research. – 2023. – Т. 2. – №. 10. – С. 841-849.
7. Saginbaevna T. S. FORMATION OF STUDENTS'SKILLS OF INDEPENDENT PERFORMANCE THROUGH THE TEACHING OF ART HISTORY //Spectrum Journal of Innovation, Reforms and Development. – 2022. – Т. 9. – С. 386-392.
8. Sag'inbaevna T. S. Cultural Life in Uzbekistan during the Years of Independence //Spanish Journal of Innovation and Integrity. – 2023. – Т. 18. – С. 39-41.
9. Tajimuratova S. FORMATION OF STUDENTS'SKILLS OF INDEPENDENT PERFORMANCE THROUGH THE TEACHING OF ART HISTORY //Modern Science and Research. – 2023. – Т. 2. – №. 10. – С. 841-849.
10. Saginbaevna T. S. Management and study of culture and art. – 2022.
11. Тажимуратова Ш. С. САНЪАТШУНОСЛИК ФАНЛАРИНИ ЎҚИТИШ ОРҚАЛИ ТАЛАБАЛАРНИНГ МУСТАҚИЛ ИШЛАШ КЎНИКМАЛАРИНИ ШАКЛЛАНТИРИШ. – 2023.
12. Tajimuraova S. S. INFORMATION AND COMMUNICATIONS IN MANAGEMENT //Journal of Integrated Education and Research. – 2022. – Т. 1. – №. 5. – С. 509-511.